

# Kisa ki diferan nan Twazyèm Peman Enpak Ekonomik la

Majorite endividi ki kalifye yo p ap bezwen antreprann lòt aksyon apre yo fin fè deklarasyon taks 2020 yo a. Montan peman yo varye selon **nivo revni, estati deklarasyon ak tay fanmi an.**

## Twazyèm peman anplis pou majorite endividi yo.

**Endividi kalifye (an Anglè)** ki te depeze yon deklarasyon taks konjwen ap resevwa jiska \$2800, epi tout lòt endividi yo ap resevwa jiska \$1400. Sa ki gen depandan kalifye sou deklarasyon taks yo ap resevwa jiska \$1400 pou chak depandan kalifye.

## Plis moun kalifye kòm depandan.

Kontrèman ak de (2) premye peman yo, twazyèm nan pa entèdi pou timoun ki gen mwens pase 17 lane yo. Endividi kalifye yo ap resevwa yon peman selon tout **depandan kalifye (an Anglè)** ki deklare sou deklarasyon yo a, tankou fanmi ki pi gran tankou etidyan fakilte, granmoun ak andikap, paran, ak granparan.

**Itilize zouti **Jwenn Peman Mwen an** sou IRS.gov pou ou verifye kilè ak kòman yo te voye twazyèm peman w lan.**

## Kèk moun p ap kalifye pou twazyèm peman an, menmsi yo te resevwa yon premye oswa dezyèm Peman Enpak Ekonomik oswa yo kalifye pou yon Kredi Rediksyon Rekiperasyon 2020.

**Montan rediksyon pwogresiv revni (an Anglè)** yo diferan pou twazyèm peman yo. Peman yo redwi pou endividi ki gen yon **revni brit ajiste (an Anglè)** ki plis pase \$75000, \$112500 si yo deklare antanke chèf fanmi oswa \$150000 si yo deklare konjwen antanke marye oswa yon vèf(vèv) kalifye. Peman yo redwi azewo nan \$80000 pou endividi yo; \$120000 si yo deklare antanke chèf fanmi epi \$160000 si yo deklare konjwen antanke marye oswa deklare antanke yon vèf (vèv). Endividi ki gen revni ki depase nivo sa yo p ap resevwa yon twazyèm peman.

## Sèlman yon nimewo sekirite sosyal valid pou anplwa yo ekzije kounya ki pou sou deklarasyon taks la.

- Endividi kalifye ki pa gen yon SSN (Nimewo Sekirite Sosyal) valid ap resevwa jiska \$1400 pou chak depandan kalifye ki gen yon SSN valid.
- Endividi kalifye ki gen yon SSN valid ap resevwa jiska \$1400 pou tèt yo, jiska \$1400 pou konjwen yo ki gen yon SSN valid, si yo te fè deklarasyon konjwen, epi jiska \$1400 pou chak depandan kalifye ki gen yon SSN valid.
- Si yon konjwen ki fè yon deklarasyon konjwen te yon manm aktif nan Lame Etazini pandan yon moman nan ane fiskal la, sèlman yonn nan konjwen yo bezwen genyen yon SSN valid pou koup la pou l resevwa jiska \$2800 pou tèt yo epi jiska \$1400 pou chak depandan kalifye ki gen yon SSN valid.
- **Remak:** Yon lwa desanm 2020 te chanje premye ekzijans kalifikasyon pou deklaran konjwen yo kote se sèlman yonn nan konjwen yo ki bezwen yon SSN valid. Si yo pa t resevwa yonn oswa toude premye ak dezyèm Peman Enpak Ekonomik yo, yo ka kalifye pou reklame yon **Kredi Rediksyon Rekiperasyon 2020** lè yo depeze yon deklarasyon taks konjwen 2020. **Twazyèm peman** an pa reklame sou deklarasyon taks 2020 w lan oswa itilize pou kalkile Kredi Rediksyon Rekiperasyon 2020 an.

## Kèk moun ka elijib pou yon Peman Siplemanchè apre yo fin trete deklarasyon taks 2020 yo a.

Montan twazyèm peman an depannde dènye deklarasyon taks ki trete a, swa 2020 swa 2019. Si deklarasyon 2020 kontribyab la pa t trete, n ap kalkile peman an selon deklarasyon 2019 la. Sa gen ladan tout moun ki te anrejistre avèk siksè sou pòtay NonDeklaran yo sou IRS.gov.

Si twazyèm peman an chita sou deklarasyon 2019 la, kontribyab la ka kalifye pou yon **peman siplemanchè (an Anglè)** apre tretman deklarasyon 2020 an. Si kontribyab la gen dwa ak yon pi gwo peman oswa tout peman an, l ap resevwa yon peman siplemanchè pou montan adisyonèl la. IRS la ap itilize deklarasyon 2020 yo a pou reevalye kalifikasyon yo otomatikman. Kontribyab la p ap gen anyen pou l fè pou reevalyasyon sa.

### Ou kalifye si:

*Ou se yon sitwayen Ameriken oswa yon etranje rezidan Ozetazini epi si ou (ak konjwen w lan, si nou fè yon deklarasyon konjwen) pa yon depandan yon lòt kontribyab sou yon deklarasyon taks 2020, gen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) (**gade eksepsyon pou deklarasyon konjwen ki marye (an Anglè) ak eksepsyon pou depandan kalifye (an Anglè)**) epi revni brit ajiste (Adjusted Gross Income, AGI) ou a pa depase:*

*\$150000 si ou marye epi depeze yon deklarasyon konjwen oswa antanke yon vèf oswa vèv kalifye*

*\$112500 si ou deklare antanke chèf fanmi oswa*

*\$75000 pou endividi kalifye ki itilize nenpòt lòt estati deklarasyon*